

## Starting Work as a Doctor

### Shona transcript:

Ndakapedza muna 2004, muna.. muna August. Ndinorangarira yanga iri nguva yaka yainakidza chaizvo. 5 years dzakareba saka padzinoperawo chikoro chichipera uye nekuva nezita rekuti waadoctor haa zvinhu zvaifadza chaizvo. Saka kubva ipapo ndakatanga kushanda pano paParirenyatwa. aaam Mazuva ekutanga ndinorangarira zvaisanganisira excitement nekutya. Nekuti kana uri student pane zvinhu zvakawanda zvaunenge uchingoita zvekuona usingabati. Saka muchinjira wazvinoita pakuti wanga uri student mangwana acho waachiremba varwere vachitouya vachitotarisa kubatsirwa newe vachitarisa kuti ndiwe une maanza ese aaaaa, zvine...zvine excitement yakanyanya asi nekutya responsibility yekuti aa, zvinhu zvese izvi zvirikutotarisa kubva kwandiri. Musi wandakatanga basa,eee kwandaishanda kunoonekwa zve...vanhu vanenge va..vakuvava maningi mumaaccident nezvimwe zvakadaro. Saka musu iwoyo muna 2004 kwakaita train accident mutown ma makuseni. Saka patakaenda kubasa tichitosvika ikoko tichimhanya muemergency department ndichiona vanhu vanhu vanga vakakuvava eeeee, vachida kubatsirwa.Ndoo zuva iroro ndinorangarira sitereki nekuti ndakati musu iwoyo ndakabva mukuva munhu anga achiri student. Parakapera aaa ndiri kufungira ndanga ndachiremba. Nokuti ndakaita zvinhu zvakawanda sitereki uchitanga usinga usingagoni chakadai uchitochidzidzira uchichiita. Uchiona chimwezve chausingazivi uchitochidzidzira uchichiita. By pakazopera zuva iroro ndanga ndamunhu wandingatati ndanga ndisisavhunduke kufacer zvinhu zvakawanda nekuti that day ndakaona zvinhu zvakawanda sitereki. I think rakandipripeya<sup>1</sup> zuva iroro for for probably the rest of my carrier. Saka izuva randinorangarira sitereki. Saka pa 2 years dzekutanga ee ndoyaunenge uchiita internship. Saka unoshanda mumadepartment akasiyana siyana kuti uwane experience. Saka mukuita izvozvo, ndakafarira kushanda ku kunonzi kudepartment of medicine. Varwere vandingati vanonyanya kuonekwa fanika vanonyanya kuonekwa ukoko fanika mazuvano kunyanyanyanya mazuvano ndokunoonekwa varwere vane HIV, TB, zvinana Malaria izvi. Zvirwere zvinoyanyonetsa munzvimbo yakaita seinoi. Saka iyoyo ndoarea yakandibata zvekuti ndakaramba ndichida kushanda ikoko. Saka mushure meinternship yangu ndokwandakabva ndadzokera kunoestablisher kuti ndokwandakushanda.

### English translation:

I graduated in 2004, in... in... August. I remember that it was a time of celebration. Five years is a long time so when they are eventually over, at the end of school days, also with the newly earned title of 'Doctor,' it calls for a celebration. So from then I started to work here at Parirenyatwa<sup>2</sup>. Umm during the first days, I had so much excitement, as well as

---

<sup>1</sup> An incorporation of Shona and English to mean, "It prepared me."

<sup>2</sup> This is the biggest Government hospital in Zimbabwe.

fear. Because as a student there are so many things that you merely see but don't touch. So the transition, considering the fact that you were a student and the following day you are now a doctor, with patients coming to you, seeking assistance, expecting you to have all the answers, induces a lot of excitement but with the fear of responsibility too. [The responsibility] that a lot of things will be expected from you. On my first day at work, umm, I worked in the department that dealt with victims of accidents and other casualties. So that day, in 2004, there was a train accident in the morning in town. So as soon as we got to work, we rushed to the emergency department and I saw injured people who needed help. That is the day that I remember the most because I ceased to be a student on that day. By the end of that day, I believe I was a doctor. Because I did so many things, not knowing how to do them at first but learning and implementing them at the same instance. At the end of that day, I wasn't afraid to face many things because I had experienced a lot on that particular day. I think that day prepared me probably for the rest of my career so it is a day that I vividly remember. So in the first two years, you do an internship. You work in different departments to gain experience. So in doing that I enjoyed working in the department of Medicine. The most regular patients there, especially these days, at most these days, are the victims of HIV, TB, malaria, and the like. These are the most prevalent diseases in this area. So that is the area that touched me and I decided to continue working there. So after my internship, I established myself there.

**About CultureTalk:** CultureTalk is produced by the Five College Center for the Study of World Languages and housed on the LangMedia Website. The project provides students of language and culture with samples of people talking about their lives in the languages they use every day. The participants in CultureTalk interviews and discussions are of many different ages and walks of life. They are free to express themselves as they wish. The ideas and opinions presented here are those of the participants. Inclusion in CultureTalk does not represent endorsement of these ideas or opinions by the Five College Center for the Study of World Languages, Five Colleges, Incorporated, or any of its member institutions: Amherst College, Hampshire College, Mount Holyoke College, Smith College and the University of Massachusetts at Amherst.

© 2013 Five College Center for the Study of World Languages and Five Colleges, Incorporated